



Pou Piblikasyon Imedya: 19/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN LIY DIRÈK KONT ASÈLMAN SEKSYÈL
NAN ESPAS TRAVAY NAN TOUT ETA A**

***Liy dirèk gratis ak konfidansyèl la pral bay konsèy legal pou moun ki sibi asèlman
seksyèl nan espas travay la***

***Nouyòkè yo ka rele 1-800-HARASS-3 pou yo konekte avèk avoka gratis yo sou
pwoblèm asèlman seksyèl yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman yon liy dirèk nan tout eta a, 1-800-HARASS-3 (1-800-427-2773), pou pwoblèm asèlman seksyèl nan espas travay. Se Divizyon Dwa Moun Eta New York ki pral dirije liy dirèk konfidansyèl la epi li pral konekte travayè ki te fè fas ak asèlman seksyèl avèk avoka gratis ki gen eksperyans pou ba yo konsèy.

"Chak travayè merite aksè nan resous pou pwoteje tèt yo kont asèlman seksyèl", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Eta New York te pran mezi pou rann espas travay pi an sekirite, pi respektye ak pi kolaboratif, epi nou p ap janm sispann travay pou sipòte sivivan yo epi elimine fleyo asèlman seksyèl la".

"Asèlman seksyèl pa sèlman denigran, epi nan kèk ka li terifyan, li ka souvan kite viktim li yo santi tankou yo pa gen kote yo kontakte", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare**. "Nouvo liy dirèk sa a pral bay moun ki viktim asèlman seksyèl nan travay yo yon kote klè pou yo jwenn èd ak asistans legal".

Nan mwa mas, Gouvènè Hochul [te siyen lejislasyon](#) ki mande Divizyon an pou mete sou pye liy dirèk sa a, ansanm ak ranfòse pwoteksyon kont vanjans pou viktim diskriminasyon yo epi fè sa klè ke tout patwon piblik yo sijè a Lwa sou Dwa Moun nan. Inisyativ sa a pral bay travayè yo konsèy gratis pou ede yo fè fas ak pwoblèm konplèks asèlman seksyèl yo. Divizyon an te travay nan tèt kole ak Asosyasyon Nasyonal Avoka Travay New York, Asosyasyon Bawo Eta New York, ak lòt asosyasyon bawo pou rekrute avoka volontè gratis ki pral patisipe nan inisyativ sa a.

Komisè Divizyon Dwa Moun nan, Maria L. Imperial, te deklare, "Asèlman seksyèl gen yon enpak devastatè epi li difisil pou fè fas ak li san èd. N ap travay pou asire chak

Nouyòkè kapab pwofite tout avantaj dwa yo ak pwoteksyon yo dapre Lwa sou Dwa Moun nan".

New York gen distenksyon fyè pou l se premye eta nan peyi a ki adopte yon Lwa sou Dwa Moun ki bay chak sitwayen "yon opòtinite egal pou pwofite yon lavi konplè epi pwodiktif". Divizyon Dwa Moun Eta New York la devwe pou elimine diskriminasyon, repare enjistis, ak pwomouvwa opòtinite egal, aksè, ak diyite atravè aplikasyon Lwa sou Dwa Moun nan. Moun ki enterese depoze yon plent ka vizite sit entènèt Divizyon an nan <https://dhr.ny.gov>.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)